



Ages & Stages Questionnaires®



Soti nan 17 mwa 0 jou pou rive nan 18 mwa 30 jou

Kesyonè 18 mwa

Tanpri souple, reponn kesyon sa yo. Sèvi ake yon plim ki gen lank ble oswa lank nwa epi ekri byen pou tout moun ka li.

Ekri dat you ranpli kesyonè a: _____

Enfòmasyon sou timoun nan

Siyati timoun nan: _____ Inisyal non batèm li: _____ Prenon timoun nan: _____

Ki sèks timoun nan: Gason ☐ Fi ☐ Dat nesans li: _____

Si timoun nan fèt sou 3 semèn avan tèm osnon plis, make sou konbyen semèn li fèt avan tèm: _____

Moun kap ranpli kesyonè sila a se

Prenon: _____ Inisyal non batèm li: _____ Siyati: _____

Kisa ou ye pou timoun nan: Paran ☐ Moun ki responsab timoun nan nan gadri ☐ Traveyè sosyal oswa travayè lasante ☐

Pwofesè ☐ Granpè / granmè oswa yon lòt paran ☐ Fanmi ki adopte timoun nan (pansyon timoun) ☐

Yon lòt moun ☐ _____

Adrès ri a: _____ Vil: _____

County: _____ Kòd postal: _____

Pwovens: _____ Nimewo telefòn kay la: _____

Yon lòt nimewo telefòn: _____

Adrès imèl: _____

Bay non tout moun kap ede'w ranpli kesyonè a: _____

Enfòmasyon sou pwogram lan

Nimewo idantifikasyon timoun nan #: _____

Laj timoun nan lè yo anrejistre'l (bay konbyen mwa ake konbyen jou): _____

Nimewo pwogram lan #: _____ Non pwogram lan: _____

Laj yo ajiste a si timoun nan te fèt avan tèm (bay konbyen mwa ake konbyen jou): _____



Kesyonè 18 mwa

Soti nan 17 mwa 0 jou pou
rive nan 18 mwa 30 jou

Pwen ki enpòtan pou sonje:

- ✓ Eseye fe chak aktivite ak tibebe ou anvan w bay yon repons
- ✓ Fè jwèt reponn kesyon sa yo, yon fason pou nou toude jwenn plezi.
- ✓ Asire ke tibebe ou byen repoze epi manje.
- ✓ Tanpri voye kesyonè a tounen oplita: _____

Nòt:

Nan paj k ap vini yo gen kesyon sou aktivite tibebe ka fè. Tibebe ou ka ge ntan fè kèk nan aktivite ki dekri la a, e ka gen kèk nan yo tibebe ou poko kòmanse fè. Pou chak bagay, tanpri plen ti wonnki endike si tibebe ou fè aktivite a souvan, pafwa, oswa poko.

Kominikasyon

Wi

Pafwa

Poko

1. Lè tibebe ou vle yon bagay, èske li lonje dwèt sou li pou di w sa?

☐ ☐ ☐ ☐

2. Lè ou mande timoun ou an sa, èske li ale nan yon lòt chanm pou jwenn yon jwèt oswa yon bagay li abitye avèk li? (Ou gendwa mande, "Kote boul ou an?" oswa di, "Pote manto ou ban mwenn," oswa "Al chèche dra ou.")

☐ ☐ ☐ ☐

3. Èske timoun ou an di uit mo ou plis anplis de "Mama" ak "Papa"?

☐ ☐ ☐ ☐

4. Èske timoun ou an imite yon fraz ki gen de-mo? Pa egzanp, lè ou di yon fraz ki gen de-mo, tankou "Manman manje," "Papa jwe," "Ale lakay," oswa "Ki sa?" èske timoun ou an repete'l ba ou? (Ekri "wi" menmsi li difisil pou konprann mo li yo.)

☐ ☐ ☐ ☐

5. San w pa montre li, èske timoun ou an lonje dwèt sou bon foto a lè ou di, "Montre m chat," oswa ou mande li, "Kote chen an?" (Li dwe idantifye yon sèl foto kòrèkteman.)

☐ ☐ ☐ ☐

6. Èske timoun ou an di de oswa twa mo ki reprezante plizè diferan idé, tankou "gade chyen," "Manmi vini lakay," oswa "Mimi ale"? (Pa konte mo konbiné ki vlé di yon sèl idé, tankou "ba bay," "tout fini," "trè byen," ak "Kisa sa ye"?)

☐ ☐ ☐ ☐

Tanpri, bay yon egzanp konbinezon mo timoun ou an kapab di:

Total nan seksyon Kominikasyon _____

Gwo Misk
Wi Pafwa Poko

1. Èske timoun ou an panche oswa kwoupi pou ranmase yon bagay atè epi apres a li leve kanpe ankò san sipò?	☐	☐	☐	☐
2. Lè timoun nan bezwen deplase, èske li mache, olye li rale sou men'l ak jenou li?	☐	☐	☐	☐
3. Èske timoun ou an mache byen epi li raman tonbe?	☐	☐	☐	☐
4. Èske timoun ou an monte sou yon bagay tankou yon chèz pou li rive jwenn yon bagay li vle (pa egzanzp, pou li pran yon jwèt sou yon kontwa oswa pou "ede" w nan kuizin)?	☐	☐	☐	☐
5. Èske timoun ou an mache desann eskalye si ou kenbe yon men li? Li ka kenbe balistrad oswa miray la tou. (Ou ka gade sa tou nan yon lekòl, nan edifis publik oswa lakay ou.)	☐	☐	☐	☐
6. Lè ou montre timoun ou an kijan yo choute yon gwo boul, èske li eseye deplase janm annavan oswa li mache nan boul la pou choute li? (Si timoun ou an choute boul deja, make "wi" pou pwen sa a.)	☐	☐	☐	☐



Total nan seksyon Gwo Misk _____

Ti Misk
Wi Pafwa Poko


1. Èske pitit ou ka fè mouvman avek bra li pou li voye yon ti boul devan? (Si li selman lage boul la atè, make "poko" pou kesyon sa)	☐	☐	☐	☐
2. Èske timoun ou an ka mete yon ti blok oswa yon ti jwèt youn so lòt? (Ou kapab sèvi ak roulo fil yo, ti bwat piti oswa jwèt ki apeprè yon (1) pous.)	☐	☐	☐	☐
3. Èske pitit ou a make sou papye ak pwent yon kreyon koulè (kreyon oswa plim) lè l ap eseye desine?	☐	☐	☐	☐
4. Èske pitit ou a ka pile twa blòk oswa twa jwèt ansanm poukont li?	☐	☐	☐	☐
5. Èske timoun ou an vire paj nan yon liv poukont li? (Li gendwa vire pliske yon paj alafwa.)	☐	☐	☐	☐



Ti Misk kontinye	Wi	Pafwa	Poko
6. Èske timoun ou an mete yon kiyè nan bouch li tèt anlè, kidonk dabitid manje a pa tonbe?	☐	☐	☐

Total nan seksyon Ti Misk Piti _____

Rezoud Pwoblèm	Wi	Pafwa	Poko
1. Èske timoun ou an lage plizyè ti jwèt, youn apre lòt, nan yon veso tankou yon bòl oswa bwat? (Ou ka montre li kihan pou fè li.)	☐	☐	☐
2. Apre w fin montre pitit ou a ki jan, èske li [li] eseye jwenn yon ti jwèt ki pa rive nan men l lè l sèvi avèk yon kiyè, yon baton, oswa yon zouti ki sanble?	☐	☐	☐
3. Apre yon ti moso manje oswa Cheerio tonbe nan yon ti boutèy transparan, èske timoun ou an vire boutèy la tèt anba pou vide li deyò? (Ou ka montre li kijan. Ou ka itilize yon boutèy kola an plastik oswa bibwon.)	☐	☐	☐
4. San w pa montre li kijan, èske timoun ou an fè madjigidji ale vini lè ou ba li yon kreyon koulè (oswa kreyon oubyen bik)?	☐	☐	☐
5. Apre li fin wè ou trase yon liy ak yon kreyon koulè (oswa yon kreyon oubyen bik) soti nan tèt rive nan anba yon papye, èske timoun ou an trase yon sèl liy sou papye a nan nenpòt sans pou kopye sou ou? (Make "poko" si timoun ou an fè madjigidji ale vini.)	☐	☐	☐
6. Apre yon ti moso manje oswa Cheerio tonbe nan yon ti boutèy transparan, èske timoun ou an vire boutèy la tèt anba pou vide li deyò? (Pa montre li kijan.)	☐	☐	☐



Si ou make Rezoud Pwoblèm kesyon 5 "wi" ou make Rezoud Pwoblèm kesyon 1 "wi".

Total nan seksyon pou Rezoud Pwoblèm _____

Pèsonèl Sosyal	Wi	Pafwa	Poko
1. Pandan pitit ou ap gade tèt li nan glas oswa yon miwa, èske pitit ou a ofri imaj li yon jwet ke li kenbe nan men li?	☐	☐	☐
2. Èske tibebe ou anbrase yon poupe oswa nounous pou jwe ak li?	☐	☐	☐

Pèsonèl Sosyal kontinye	Wi	Pafwa	Poko
3. Èske pitit ou atire atansyon's tankou pran men'w, rale rad ou le'l bezwen oswa le'l vle montre'w yon bagay?	☐	☐	☐ —
4. Èske timoun ou an vin jwenn ou lè li bezwen èd, pa ekzanp pou bay yon jwet chenn pou li oswa pou devise bouchon yon bokal?	☐	☐	☐ —
5. Èske pitit ou kapab bwè nan yon tas oswa yon vè. Èske li ka pran'l epi depoze'l ankò san li pa jete anpil?	☐	☐	☐ —
6. Èske timoun ou an kopye aktivite w'ap fè, tankou siye yon likid ki tonbe, bale, raze oswa penyen cheve?	☐	☐	☐ —

Total nan seksyon Pèsonèl ak Sosyal_____

Seksyon an jeneral *Paran ak founisè swen ka sèvi ak espas ki anba a pou ajoute kòmantè.*

1. Èske ou kwè timoun ou an tandè byen? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
2. Èske ou panse ke timoun ou an pale tankou lòt timoun ki genyen menm laj avek li? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
3. Èske ou ka konprann pifò nan sa timoun ou an di? Si se non, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
4. Èske ou pense timoun ou an mache, kouri ak grenpe tankou lòt timoun piti nan laj li? Si se wi, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
5. Èske youn nan paran yo gen yon istwa nan fanmi de timoun soud, oswa ki gen pwoblèm tandè? Si se wi, eksplike:	Wi ☐	Non ☐
6. Èske w enkyete pou vizyon tibebe ou? Si se wi, eksplike:	Wi ☐	Non ☐

Seksyon an jeneral *kontinye*

7. Èske tibebe ou te gen yon pwoblèm medikal nan dènye mwa ki sot pase yo? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

8. Èske w enkyete pou konpòtman tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐

9. Èske gen yon bagay ki enkyete w konsènan tibebe ou? Si se wi, eksplike:

Wi ☐Non ☐